WIKIPÉDIA

Basa Jawa

Basa Jawa [ꦧꦱꦗꦮ] iku kagolong basa Austronésia, yaiku basa-basa kang dianggo sawarna-warnaning bangsa pribumi ing kapuloan sakidulwetaning bawana Asia. Basa Jawa kasebar wiwit pucuk kulon pulo Jawa, Banten, nganti pucuk wétan Banyuwangi déning kurang luwih 80 yuta panutur ibu. Kajaba iku, basané uga kasebar ing Indonésia, saka Sumatra nganti Papua, uga ing Timor Wétan, Malaysia, Singapura, Taiwan, Hong Kong, Walanda, Suriname, Curaçao, lan ing Kalédonia Anyar.

Basa Jawa	
ꦧꦱꦗꦮ	
	
"Basa" katulis ngangge Aksara Jawa	
Asal	Jawa (Indonésia)
Ètnis	Jawa (Mataram, Using, Tengger, Bawéan, Samin, Cerbon, Banyumas, lsp.)
Panyatur asli	100 yuta (2013)
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Indo-Polinésia ▪ Indo-Polinésia Punjer ▪ **Basa Jawa**
Rupa purwa	Jawa Kuna (Kawi) ▪ **Basa Jawa**
Aksara	Aksara Latin Aksara Jawa Aksara Arab (Aksara Pégon)
Status resmi	
Basa minoritas diakoni ing	Banten Jawa Kulon Suriname Walanda Kalédonia Anyar Libanon Suriah
Kodhe basa	
ISO 639-1	`jv`
ISO 639-2	`jav`
ISO 639-3	Rupa-rupa: `jav (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=jav)` – Basa Jawa `jvn (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=jvn)` – Basa Jawa Karibia `jas (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=ja`

Basa Jawa dadi salah sawijining panyumbang kang gedhé dhéwé kanggo panuwuhaning basa Indonésia. Sanadyan dudu basa resmi ing pamrintahan, basa Jawa nduwé prabawa sing luwih akèh tinimbang basa-basa laladan liyané, kaya ta ing tetembungan, lan istilah-istilah kang kadhangkala nganggo tembung Jawa.

Basa Jawa iku péranganing *sub-cabang Sundik* saka kulawarga basa Indo-Polinesia Kulon saka pang basa Indo-Polinesia kang giliranéanggota basa Austronesia. Basa Jawa isih sadulur cedhak basa Malayu, basa Sundha, basa Bali, lan uga basa-basa ing pulo Sumatra sarta Kalimantan.

Basa Jawa digunakaké ing Jawa Tengah, Jawa Wétan, lan uga pasisir lor Jawa Kulon, banjur ing Madura, Bali, Lombok, lan Tatar Sundha ing Jawa Kulon. Basa Jawa uga diterapaké dadi basa sastra. Basa Jawa uga basa dalem ing karaton Palembang, Sumatra Kidul, sadurungé karaton iki dibedhah wong Walanda ing wusananing abad kaping 18.

Basa Jawa bisa kaanggep salah sawijining basa klasik ing donya. Basa iki nduwé sajarah kasusastran kang wis lawas banget, punjul 12 abad. Para nimpuna basa Jawa mérang sajarah basa Jawa ing patang urutan:

- Basa Jawa Kuna, saka abad kaping 9
- Basa Jawa Tengahan, saka abad kaping 13
- Basa Jawa Anyaran, saka abad kaping 16
- Basa Jawa Modhèren, saka abad kaping 20 (pratélan iki ora dienggo kanthi umum)

Basa Jawa bisa ditulis mawa aksara Jawa, (turunaning aksara Brahmi saka India), aksara Jawa-Arab (pégon) lan aksara Latin [2].

Sanadyan dudu basa resmi ing ngendi waé, basa Jawa basa Austronesia kang akèh dhéwé cacahing panutur ibuné.[3] Basa iki dituturaké lan dingertèni déning kurang luwih 80 yuta wong. Kurang luwih 45% kang ndunungi nagara Indonésia tedhak turuning wong Jawa utawa manggon ing Tanah Jawa. Mèh kabèh présidhèn Indonésia wiwit taun 1945 iku keturunan Jawa (sajatiné kabèh keturunan Jawa, B.J. Habibie uga ngaku ibuné priyayi Jawa). Dadi, ora nggumunaké, basa Jawa mènèhi pangaribawa akèh ing pikembanganing basa Indonésia.

Basa Jawa Modhèrn bisa dipérang dadi telung carabasa utawa basawangsa (rumpun) utama: cara Jawa Kulon, cara Jawa Tengah, lan cara Jawa Wétan. Ing pulo Jawa, ana kang diarani *dialect continuum* (sasambunganing carabasa) saka Banten, ing ujung kulon, tekan Banyuwangi, ing pucuk wétan. Kabèh carabasa Jawa kurang luwih bisa dingertèni para panuturé (Ing: *mutually intelligible*).

	s) – Basa Jawa Kalédonia Anyar kaw (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=kaw) – Kawi
Glottolog	java1253 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/java1253)[1]

Ijo tuwa: papan basa Jawa minangka basa mayoritas. Ijo enom: papan basa Jawa minangka basa minoritas.

Peta iki gambar laladan basa Jawa dianggo ing pasrawungan. Ijo tuwa tegesé basa Jawa basa mayoritas, banjur ijo enom tegesé basa Jawa basa minoritas.

Isi

Fonologi
- Swara (vokal)
- Wyanjana (konsonan)

Carabasa-carabasa Jawa
- Pamérangan Poerwadarminta
- Pamérangan Uhlenbeck
- Pamérangan Wurm lan Hattori

Pamérangan unggah-ungguh basa Jawa
- Gunané krama lan kanggoné krama

Dhémografi pisebaring panutur basa Jawa

Cathetan suku lan réferènsi

Uga delengen

Sumber

Pranala njaba

Fonologi

Foném basa Jawa modhèren lan baku iku:

Swara (vokal)

	Ngarep	Tengah	Wuri
Katutup	i		u
Setengah katutup	e	ə	o
Setengah kabukak	(ɛ)		(ɔ)
Kabukak		a	

Pangucapan swara-swara iki rada njlimet. Ciri utama iku yèn ing basa baku Mataraman, /a/ ing wanda mawa *posisi* kabukak ing *posisi* pungkasan lan sadurungé pungkasan, diucapaké kaya déné [ɔ].

Wyanjana (konsonan)

	Osthya	Dantya	Murdhanya	Talawya	Kanthya	Wisarga
Sigegan	p b̥	t d̥	ʈ ɖ̥	tʃ dʒ̊	k ɡ̊	ʔ
Usma		s	(ʂ)			h
Ardaswara	w	l r		j		
Anuswara	m	n	(ɳ)	ɲ	ŋ	

Pènget: Foném mawa tandha kurung iku alofon.

Carabasa-carabasa Jawa

Basa Jawa iku akèh banget cara pituturané. Ana carabasa parisaba kang dipara miturut hièrarkhi saka kasar tekan alus dadi:

- Ngoko
- Madya
- Krama

Ana basa kang mligi kanggo keprelon resmi karaton:

- Bagongan (dianggo ing kraton Ngayogyakarta adiningrat)
- Kedhaton (dianggo ing kraton Surakarta adiningrat)

Kajaba iku, ana carabasa kang didhasarké dening tlatahé, lan ora sakabèhé carabasa Jawa dimangarteni déning kabèh wong Jawa. Ing ngisor iki kapacak pamérangan miturut sawatara juru basawidya Jawa: Poerwadarminta lan Uhlenbeck. Kajaba iku, uga ditambah pamérangan Wurm lan Hattori. Wurm lan Hattori nggambar peta pamérangan carabasa Jawa. Pamérangan para nimpuna iki rada séjé, lan ora sarujuk siji lan sijiné.

Pamérangan Poerwadarminta

Miturut Poerwadarminta ing bukuné *Sarining Paramasastra Djawa*[4], carabasa-carabasa ana:

1. Carabasa Banten[4]
2. Carabasa Cirebon[4]
3. Carabasa Banyumas lan Tegal[4]
4. Carabasa Bagelèn[4]
5. Carabasa Ngayogyakarta lan Kedhu[4]
6. Carabasa Surakarta, Madiyun lan Semarang[4]
7. Carabasa Muria Agung (Pati, Kudus, Jepara, Rembang)[4]
8. Carabasa Pasisir lor wétan (Tuban, Gresik, Surabaya)[4]
9. Carabasa Malang-Pasuruhan[4]
10. Carabasa Banyuwangi[4]

Pamérangan Uhlenbeck

Carabasa-carabasa iku miturut juru basawidya Walanda E.M. Uhlenbeck ing bukuné *A Critical Survey of Studies on the Languages of Java and Madura* (1964), diklumpukaké dadi 3 (telung) wangsa (rumpun) ya iku:

- **Basawangsa Jawa kulon:**
  - Carabasa Banten (utawa Jawa Serang)
  - Carabasa Cerbon (Dermayu-Cerbon)
  - Carabasa Tegal (Brebes nganti Pemalang)
  - Carabasa Banyumasan (Purwokerto, Cilacap lan Banyumas)

Klumpukan ing nduwur iku lumrahé ingaran basa Jawa ngapak ngapak utawa basa penginyongan.

- **Basawangsa Jawa Tengah:**
  - Carabasa Pacitan

- Carabasa Pekalongan
- Carabasa Semarangan
- Carabasa Kedhu
- Carabasa Surakarta
- Carabasa Yogyakarta
- Carabasa Madhiun
- Carabasa Blora

Kelompok ing nduwur kaé lumrahé ingaran basa Jawa baku.

- **Basawangsa Jawa wétanan:**
  - Carabasa Arèkan
  - Carabasa Malangan
  - Carabasa Lumajang
  - Carabasa Tengger
  - Carabasa Using Banyuwangên

Kelompok ing ndhuwur iku lumrahé diarani basa Jawa wétanan.

Pamérangan Wurm lan Hattori

Pamérangan Wurm lan Hattori (1983)

Wurm lan Hattori (1983:39) mérang carabasa-carabasa Jawa ing pulo Jawa dadi 7 pérangan:

1. Carabasa Banten
2. Carabasa Lor-Kulonan
3. Carabasa Manuk
4. Carabasa Cerbon
5. Carabasa Kulonan-Tengah
6. Carabasa Wétanan
7. Carabasa "Laladan Jawa ing Banyuwangi"[5]

Pamérangan unggah-ungguh basa Jawa

Basa Jawa iku bisa dipérang miturut unggah-ungguhé utawa uga diarani *register*. Manut undha usuk utawa unggah-ungguhé iku dadi

- Basa Ngoko
- Basa Madya
- Basa Krama

Banjur uga ana sawatara tetembungan krama inggil lan krama andhap kang bisa dienggo ing saben *register*.

Gunané krama lan kanggoné krama

Basa Ngoko

1. Dienggo wong tuwa marang anaké
2. Dienggo guru marang murid.
3. Dienggo déning sepadha-padha kang wis kulina
4. Dienggo ndhuwuran marang andhahan

Tuladha: Kowé gelem mangan sega lodèh mas?

Basa Ngoko Alus

1. Dienggo déning wong-wong sapadha-padha kang wis kulina nanging isih ngajèni.
2. Dienggo wong tuwa marang wong enom kang drajadé luwih dhuwur.

Tuladha: Sampeyan purun nedha sekul lodèh Mas?

Basa Krama

1. Dienggo déning wong kang durung raket banget.
2. Dienggo déning wong kang durung tuang.

Tuladha: Panjenengan kersa dhahar sega lodèh mas?

Basa Krama Inggil

1. Dienggo déning wong enom marang wong tuwa.
2. Dienggo déning murid marang guru.
3. Dienggo déning ngisoran marang dhuwuran.

Tuladha: Panjenengan kersa dhahar sekul lodhèh Mas?

Dhémografi pisebaring panutur basa Jawa

Delengen uga: Wong Jawa

Basa Jawa dicaturaké ing saindhenging Indonésia, nagara-nagara tangga Asia Kidul-wétan, Walanda, Suriname, Kaledonia Anyar, lan nagara-nagara liyané. Populasi panutur gedhé dhéwé tinemu ing enem provinsi Jawa dhéwé, lan ing provinsi tangga Sumatra saka Lampung.

Sawijining tabèl kang nuduhaké gunggung panutur asli ing taun 1980, saka 22 provinsi ing Indonésia (saka total 27 ing wektu iku) kang nuturaké basa Jawa punjul 1%, ya iku:[6]

	Provinsi ing Indonésia	persèntase pedunung provinsi	Panutur basa Jawa (1980)
1.	Provinsi Acèh	16.7%	275,000
2.	Sumatra Lor	43.0%	5,757,000
3.	Sumatra Kulon	38.5%	2.595,000
4.	Jambi	29.7%	873,000
5.	Sumatra Kidul	27.5%	982,000
6.	Bengkulu	35.4%	818,00
7.	Lampung	82.6%	8,486,000
8.	Riau	28.5%	384,000
9.	Jakarta	43.9%	2,694,000
10.	Jawa Kulon[7]	28.7%	3,658,000
11.	Jawa Tengah	99.0%	36,579,000
12.	Yogyakarta	99.6%	5,683,000
13.	Jawa Wétan	86.8%	32,726,000
14.	Bali	13.1%	108,000
15.	Kalimantan Kulon	25.7%	621,000
16.	Kalimantan Tengah	10.6%	145,000
17.	Kalimantan Kidul	24.7%	297,000
18.	Kalimantan Wétan	34.1%	128,000
19.	Sulawesi Lor	1.0%	20,000
20.	Sulawesi Tengah	2.9%	37,000
21.	Sulawesi Kidul-wétan	10.6%	84,000
22.	Maluku	31.3%	419,000

Cathetan suku lan réferènsi

1. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Javanesic" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/java1253). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
2. Van der Molen (1983:VII-VIII).
3. Diirit déning,--ora kalebu dhialèk Cina lan basa Indic kanthi status resmi nagara--basa Sundha saka pérangan kulon pulo Jawa
4. Poerwadarminta (1953:2)
5. Sajatiné kang dikarepaké iku dhialèk Jawa-Using.
6. Data dijupuk saka sènsus taun 1980 kaya déné kang dicawisaké déning James J. Fox lan Peter Gardiner lan diterbitaké déning S. A. Wurm lan Shiro Hattori, eds. 1983. *Language Atlas of the Pacific Area, Part II: (Insular South-East Asia)*, Canberra.
7. Ing taun 1980 iki kalebu provinsi Banten, saiki kapisah.

Uga delengen

- Sastra Jawa
- Aksara Jawa

Sumber

- W.J.S. Poerwadarminta. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff

- E.M. Uhlenbeck. 1964. *A Critical Survey of Studies on the Languages of Java and Madura*. The Hague: Martinus Nijhoff,
- S.A. Wurm and Shiro Hattori, eds. 1983. *Language Atlas of the Pacific Area, Part II (Insular South-east Asia)*. Canberra.

Pranala njaba

Wikibooks ndarbèni artikel ngenani ***Kawruh Basa Jawa (https://incubator.wikimedia.org/wiki/Wb/jv/Kawruh_Basa_Jawa)***

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Basa_dha%C3%A9rah_ing_Indon%C3%A9sia&action=edit)

Basa-Basa ing Indonésia

Basa Indonésia (Isyarat [2])

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing Sumatra**

Aceh • Bangka • Batak Alas-Kluet • Batak Angkola • Batak Dairi • Batak Karo • Batak Mandailing • Batak Simalungun • Batak Toba • Col • Duano • Enggano • Gayo • Haji • Kaur • Kerinci • Komering • Kubu • Lampung Api • Lampung Nyo • Loncong • Lubu • Melayu [a] • Melayu Tengah • Melayu Jambi • Mentawai • Minangkabau • Musi • Nias • Pekal • Rejang • Sikule • Simeulue

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing Jawa**

Badui • Betawi • Indonesia Peranakan [1] • Javindo [1] • Jawa • Kangean • Madura • Osing • Pecok [1] • Sundha • Tengger

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing Bali lan Nusa Tenggara**

Abui • Adang • Adonara • Alor • Amarasi • Anakalangu • Bali • Benkala [2] • Bilba • Bima • Blagar • Bunak • Dela-Oenale • Dengka • Dhao • Ende • Hamap • Helong • Ile Ape • Kabola • Kafoa • Kamang • Kambera • Kedang • Kelon • Kemak • Ke'o • Kepo' • Kodi • Komodo • Kui • Kula • Lamaholot • Lamalera • Lamatuka • Lamboya • Lamma • Laora • Lembata Kulon • Lembata Kidul • Lewo Eleng • Lewotobi • Lewuka • Li'o • Lole • Melayu Kupang • Melayu Larantuka • Mamboru • Manggarai • Nage • Nasal • Nedebang • Ngad'a • Ngad'a Wétan • Palu'e • Rajong • Rembong • Retta • Ringgou • Riung • Rongga • Sabu • Sasak • Sawila • Sika • So'a • Sumbawa • Tereweng • Termanu • Tetun • Tewa • Tii • Uab Meto • Wae Rana • Wanukaka • Wejewa • Wersing

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing Kalimantan** *

Ampanang • Aoheng • Bahau • Bakati' • Bekati' Rara • Bekati' Sara • Bakumpai • Banjar • Basap • Benyadu' • Bidayuh Biatah • Bidayuh Bukar-Sadong • Bolongan • Bukat • Bukitan • Burusu • Dusun Deyah • Dusun Malang • Dusun Witu • Embaloh • Hovongan • Iban [a] • Jangkang • Kayan Mahakam • Kayan Busang • Kayan Sungai Kayan • Kayan Mendalam • Kayan Wahau • Kelabit • Kembayan • Kendayan • Keninjal • Kenyah Kelinyau • Kenyah Wahau • Kereho • Kohin • Lawangan • Lengilu • Lun Bawang • Ma'anyan • Melayu Berau • Melayu Bukit • Melayu Kota Bangun Kutai • Melayu Tenggarong Kutai • Melayu Dayak • Modang • Mualang • Ngaju • Okolod • Ot Danum • Paku • Punan Aput • Punan Merah • Punan Merap • Punan Tubu • Putoh • Ribun • Sa'ban • Sanjau Basap • Sanggau • Seberuang • Segai • Selungai Murut • Semandang • Sembakung Murut • Siang • Tagal Murut • Taman • Tausug • Tawoyan • Tidong • Tunjung • Uma' Lasan • Uma' Lung

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing**

Sulawesi

Andio • Aralle-Tabulahan • Bada • Bahonsuai • Banjau Indonesia • Balaesang • Balantak • Bambam • Banggai • Bantik • Baras • Batui • Behoa • Bentong • Bintauna • Boano • Bobongko • Bolango • Bonerate • Budong-Budong • Bugis • Bungku • Buol • Busoa • Campalagian • Cia-Cia • Dakka • Dampelas • Dondo • Duri • Enrekang • Gorontalo • Kaidipang • Kaili Da'a • Kaili Ledo • Kaili Unde • Kaimbulawa • Kalao • Kalumpang • Kamaru • Kioko • Kodeoha • Konjo Pegunungan • Konjo Pesisir • Koroni • Kulisusu • Kumbewaha • Laiyolo • Lasalimu • Lauje • Lemolang • Liabuku • Lindu • Lolak • Maiwa • Makassar • Melayu Makassar • Melayu Manado • Malimpung • Mamasa • Mauju • Mandar • Moma • Mongondow • Mori Atas • Mori Bawah • Moronene • Muna • Napu • Padoe • Pamona • Panasuan • Pancana • Pannei • Pendau • Ponosakan • Rahambuu • Rampi • Ratahan • Saluan • Sangir • Sarudu • Sedoa • Seko Padang • Seko Tengah • Selayar • Suwawa • Ta'e • Taje • Tajio • Talaud • Taloki • Talondo' • Toala' • Tolaki • Tomadino • Tombelala • Tombulu • Tomini • Tondano • Tonsawang • Tonsea • Tontemboan • Topoiyo • Toraja-Sa'lan • Totoli • Tukang Besi Kidul • Tukang Besi Lor • Ulumanda' • Uma • Waru • Wawoni • Walio • Wotu

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing Kapuloan Maluku**

Alune • Amahai • Ambelau • Aputai • Asilulu • Babar Tenggara • Babar Lor • Banda • Barakai • Bati • Batuley • Benggoi • Boano • Bobot • Buli • Buru • Dai • Damar Kulon • Damar Wétan • Dawera-Daweloor • Dobel • Elpaputih • Emplawas • Fordata • Galela • Gamkonora • Gane • Gebe • Geser-Gorom • Gorap • Haruku • Hitu • Horuru • Hoti • Huaulu • Hukumina • Hulung • Ibu • Ili'uun • Imroing • Kadai • Kaibobo • Kamarian • Kao • Karey • Kayeli • Kei • Kisar • Koba • Kola • Kompane • Kur • Laba • Laha • Larike-Wakasihu • Latu • Leti • Liana-Seti • Lisabata-Nuniali • Lisela • Lola • Loloda • Lorang • Loun • Luang • Luhu • Maba • Makian Kulon • Makian Wétan • Melayu Ambon • Melayu Bacan • Melayu Banda • Melayu Maluku Lor • Mangole • Manipa • Manombai • Manusela • Mariri • Masela Kulon • Masela Tengah • Masela Wétan • Masiwang • Modole • Moksela • Naka'ela • Nila • Naulu Kidul • Naulu Lor • Nusa Laut • Oirata • Pagu • Palumata • Patani • Paulohi • Perai • Piru • Roma • Sahu • Salas • Saleman • Saparua • Sawai • Seit-Kaitetu • Selaru • Seluwasan • Sepa • Serili • Serua • Sula • Tabaru • Taliabu • Talur • Tarangan Kulon • Tarangan Wétan • Tela-Masbuar • Teluti • Teor • Ternate • Ternateño[1] • Te'un • Tidore • Tobelo • Tugun • Tugutil • Tulehu • Ujir • Waioli • Watubela • Wamale Kidul • Wamale Lor • Yalahatan • Yamdena

D • R • B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Navbox&action=edit) **Basa-Basa ing Papua** *

Abinomn [3] • Abun [3] • Aghu • Airoran • Ambai • Anasi • Ansus • Arandai • Arguni • As • Asmat Pantai Kasuari • Asmat Tengah • Basa Asmat Lor • Asmat Yaosakor • Atohwaim • Auye • Awbono • Awera • Awyi • Awyu Asue • Awyu Tengah • Awyu Edera • Awyu Jair • Awyu Lor • Awyu Kidul • Bagusa • Baham • Barapasi • Bauzi • Bayono • Bedoanas • Beneraf • Berik • Betaf • Biak • Biga • Biritai • Bonggo • Burate • Burmeso • Burumakok • Buruwai • Busami • Citak • Citak Tamnim • Dabe • Damal • Dani Lembah Bawah • Dani Lembah Tengah • Dani Lembah Atas • Basa Dani Kulon • Dao • Dem • Demisa • Dera • Diebroud • Dineor • Diuwe • Doutai • Duriankere • Dusner • Duvle • Edopi • Eipomek • Ekari • Elseng [3] • Emem • Eritai • Erokwanas • Fayu • Fedan • Foau • Gresi • Hatam [3] • Hupla • Iau • Iha • Iha Pijin [4] • Irarutu • Iresim • Isirawa • Itik • Iwur • Jofotek-Bromnya • Kaburi • Kais • Kaiy • Kalabra • Kamberau • Kamoro • Kanum Bädi • Kanum Ngkâlmpw • Kanum Smärky • Kanum Sota • Kapauri • Kaptiau • Karas • Karon Dori • Kaure • Kauwera • Kawe • Kayagar • Kayupulau • Kehu [5] • Keijar • Kemberano • Kembra [5] • Kemtuik • Ketengban • Ketum • Kimaghima • Kimki • Kirikiri • Kofei • Kokoda • Kombai • Komyandaret • Konda • Koneraw • Kopkaka • Korowai • Korupun-Sela • Kosare • Kowiai • Kuri • Kurudu • Kwer • Kwerba • Kwerba Mamberamo • Kwerisa • Kwesten • Kwinsu • Legenyem • Lepki [5] • Liki • Maden • Mai Brat • Mairasi • Maklew • Melayu Papua • Mander • Mandobo Atas • Mandobo Bawah • Manem • Manikion • Mapia • Marau • Marind • Marind Bian • Masimasi • Massep [3] • Matbat • Mawes • Ma'ya • Mekwei • Meoswar • Mer • Meyah • Mlap • Mo • Moi • Molof [5] • Mombum • Momina • Momuna • Moni • Mor • Mor • Morai • Morori • Moskona • Mpur [3] • Munggui • Murkim [5] • Muyu Lor • Muyu Kidul • Nafri • Nakai • Nacla • Namla [5] • Narau • Ndom • Nduga • Ngalum • Nggem • Nimboran • Ninggerum • Nipsan • Nisa • Obokuitai • Onin • Onin Pijin [4] • Ormu • Orya • Papasena • Papuma • Pom • Puragi • Rasawa •

Riantana • Roon • Samarokena • Saponi • Sauri • Sause • Saweru • Sawi • Seget • Sekar • Semimi • Sempan • Sentani • Serui-Laut • Sikaritai • Silimo • Skou • Sobei • Sowanda • Sowari • Suabo • Sunum • Tabla • Taikat • Tamagario • Tanahmerah • Tandia • Tangko • Tarpia • Tause • Tebi • Tefaro • Tehit • Tobati • Tofanma [5] • Towei • Trimuris • Tsaukambo • Tunggare • Una • Uruangnirin • Usku [5] • Viid • Vitou • Wabo • Waigeo • Walak • Wambon • Wandamen • Wanggom • Wano • Warembori • Wares • Waris • Waritai • Warkay-Bipim • Waropen • Wauyai • Woi • Wolai • Woria • Yahadian • Yale Kosarek • Yali Angguruk • Yali Ninia • Yali Lembah • Yaqay • Yarsun • Yaur • Yawa • Yei • Yelmek • Yeretuar • Yetfa • Yoke • Zorop

[1] Kreol • [2] Basa isyarat • [3] Basa isolat • [4] Basa Pidgin • [5] Ora diklasifikasèkaké

[a] uga dituturaké ing Malaysia lan/ Brunei Darussalam. •

[b] uga dituturaké ing Papua Nugini lan/ negara-negara Oseania liya.

*__Cathetan__: Kalimantan lan Papua mung sing klebu teritori Indonésia.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Jawa&oldid=1525322"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 07.25, 21 Juli 2020.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.